

Nòm pwogram pre-k pou tout timoun lan

Chak jou, nan Vil Nouyòk, n ap travay pou asire tout elèv nou yo pre pou pwochen etap edikasyon yo. Finalman pou yo prepare pou gen siksè ak angaje kòm sitwayen nan 21yèm syèk la. Kòm yon pati nan misyon nou, epi pou premye fwa nan istwa Vil Nouyòk, chak timoun ki gen katran pral gen chans kòmanse pran wout siksè nan bon jan kalite pwogram Pre-K gratis, tout jounen nan pwogram Pre-K pou tout timoun *Pre-K for All* Vil Nouyòk.

Nòm kalite Pwogram Pre-K for All Vil Nouyòk defini vizyon Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education*(NYCDOE) pou bon kalite pwogram *Pre-K for All* nan Vil Nouyòk. Yo dekri pratik enpòtan angajman fanmi, enstriksyon solid ki apwopriye pou devlopman, kolaborasyon pwofesyonèl, ak lidèchip ki sipòte timoun nan pran konesans ak konpetans ki dekri nan [Baz Prekindergarten pou nòm inivèsèl Eta Nouyòk *New York State Foundation for the Common Core*](#) (PKFCC). Estrikti DOE pou bon lekòl *Framework for Great Schools* ki rantre nan vizyon NYCDOE pou amelyorasyon lekòl nan continuum pre-K rive 12yèm ane, pwogram Pre-K for All Quality Standards tabli yon seri atant pataje pou pwogram pre-K nan tout anviwònman. Estaf NYCDOE Division of Early Childhood Education (DECE), lidè ak pwofesè pwogram pre-K, ak fanmi pre-K pral itilize Program Quality Standards pou konprann ak avanse bon kalite pwogram ak rezilta pozitif pou timoun.

Pre-K se yon baz enpòtan ak pa ka ranplasman pou jèn ti elèv Vil la epi li se kòmansman relasyon edikatif yo avèk NYCDOE. Konsa, Program Quality Standards ofri yon nouvo opòtinite pou kolaborasyon ant NYCDOE, edikatè Pre-K for All ak lidè nan Early Education Centers (NYCEECs) Vil Nouyòk ak lekòl primè. Timoun Pre-K ak fanmi yo pral benefisiye nan tranzisyon fasil ant pre-K ak Kindergarten, epi NYCDOE ka kontinye konstwi apati bon baz pou aprantisaj ak devlopman ki te tabli nan ane pre-K a. Apati ane lekòl 2015-2016, sipò ak opòtinite aprantisaj pwofesyonèl yo vize pou DECE pral adapte avèk Program Quality Standards epi DECE pral angaje avèk pwogram ak kominote lekòl la pou apwofondi yon konpranyeasyon ki pataje. Pre-K for All Program Quality Standards pral fè yon efò komen pou amelyore kalite nan pratik nou nou yo, prepare tout timoun pou siksè nan Kindergarten ak apre.

Adaptasyon Pre-K for All Program Quality Standards avèk Framework for Great Schools

Lyen sere ant fanmi ak kominote a

Pwogram Pre-K for All Vil Nouyòk kòmanse avèk relasyon solid epi se yon chans inik pou tabli afilyasyon avèk fanmi nan kòmansman yon eksperyans timoun fè nan P-12yèm ane. Pwogram Pre-K kreye konfyans ak respè nan kominote yo lè yo kominike avèk fanmi nan fason fanmi yo ka konprann ak lè yo evalye sa fanmi konnen sou pitit yo ak sa yo bezwen. Yo sipòte fanmi yo nan bati kapasite pou aji kòm premye pwofesè pitit yo ak defansè yo ak asosye pwogram avèk fanmi ak òganizasyon kominote pou ede chak timoun ak fanmi yo reyisi.

Lidèchip lekòl ki efikas

Lidè NYC Pre-K for All jwe yon wòl enpòtan nan pataje yon vizyon pou kòman pwogram lan pral ede chak timoun aprann ak devlope nan kontèks kominote chak pwogram sèvi. Yo kreye yon kilti pozitif nan pwogram lan pou sipòte vizyon sa a epi yo travay avèk pwofesè ak fanmi yo pou fikse objektif yo. Yo rasanble ak itilize plizyè tip enfòmasyon pou jere resous yo pou amelyore rezilta pou timoun yo. Lidè yo travay ansanm avèk estaf la ak fanmi yo pou amelyore kalite pwogram lan.

Anviwònman agreyab

NYC Pre-K for All programs ofri yon anviwònman sennesof ak sen kòm baz pou timoun pandan y ap grandi ak devlope. Pwogram yo respekte ak valorize diferans yo pou chak timoun epi yo fè chanjman nan fason yo anseye pou chak timoun ka reyisi. Y ap sipòte chak timoun pou yo atenn objektif yo pou lòt tip aprantisaj ak devlopman.

Ansèyman solid

Timoun Pre-K for All se elèv k ap aprann aktivman ki aprann nan jwe, eksplòre ak nan rapò yo avèk pwofesè ak kamarad yo. Pwofesè yo se modèl k ap travay ansanm avèk timoun yo pou kreye yon kilti nan salklas kote timoun yo aprann panse pou kritike, motive pou rezoud pwoblèm ak panse pou kreye epi yo ka travay poukont yo ak entèaji avèk lòt moun nan fason pozitif. Lè pwofesè yo gen bon jan entèaksyon avèk timoun yo, fè materyèl ak liv ki disponib pou anbrase divèsite nan salklas epi ranje anviwònman fizik la nan yon fason reflechi, tout timoun jwenn sipò nan aprantisaj yo ak devlopman yo.

Nan Pre-K for All Vil Nouyòk, pwofesè yo enfòme sou timoun nan klas yo atravè evalyasyon ki apwopriye pou jèn timoun, pandan y ap obsève ak tande timoun yo ak nan kominikasyon ale-retou avèk fanmi. Pwofesè sa yo itilize konesans sa a ansanm avèk objektif aprantisaj pou timoun pre- k yo nan tout domèn *Prekindergarten Foundation for the Common Core* pou nou ka planifye kourikoulòm lan. Sik sa ap fèt kounye a epi li pèmèt pwofesè yo reponn a sa timoun yo konnen ak sa yo ka fè nan ane a. Severite nan aksyon evalyasyon ak planifikasyon sa yo, ansanm ak enstriksyon ki onore fason timoun yo aprann, asire ke pwogram Pre-K for All sipòte tout timoun nan devlopman baz konesans lan, papasite ak atitud yo bezwen pou yo gen siksè nan kindergarten ak apre.

Pwofesè ki travay an kolaborasyon

Pwofesè, lidè ak lòt estaf anseyan Pre-K for All Vil Nouyòk angaje yo pou amelyore pratik pwofesyonèl ak rezilta pou timoun yo ak fanmi yo. Yo travay ansanm pou amelyore kalite ansèyman ak aprantisaj la nan salklas Pre-K. Lidè pwogram yo travay avèk pwofesè yo ak lòt estaf la pou aprann apati travay elèv yo epi yo fè kòmantè pwofesyonèl. Pwofesè yo pran dwa sou pwòp aprantisaj yo epi yo jwenn sipò nan devlope pwòp teknik lidèchip pa yo.

Konfyans

Chak moun travay pou atenn objektif nou tout genyen ki se amelyorasyon rezilta elèv, pou prepare yo pou siksè lekòl ak pi ta nan lavi. Administratè pwogram lan, estaf anseyan, timoun yo ak fanmi yo valorize ak respekte yonn lòt. Rapò ant tout manm pwogram lan ak kominote lekòl la fèt dapre respè yonn pou lòt, estim pèsònèl ak entegrite.

Nòm pwogram pre-k pou tout timoun lan

Lyen sere ant fanmi ak kominote a

1. [Relasyon solid](#): Pwogram yo ankouraje respè yonn pou lòt, konfyans ak koneksyon avèk fanmi yo ak kominote a pou nou ka bati relasyon solid.
2. [Kominikasyon ale-retou](#): Pwogram yo favorize pataj enfòmasyon ale retou ant estaf pwogram lan ak fanmi yo nan fason ki bay repons onivo kiltirèl ak lengwistik pou sipòte byennèt, siksè akademik ak pwogrè devlopman timoun yo.
3. [Kapasite pou konstwi](#): Pwogram yo rekonèt kontribisyon esansyèl fanmi nan devlopman pitit yo epi sipòte fanmi yo nan jwe wòl yo kòm:
 - 3.1. [Prensipal pwofesè pitit yo](#): Pwogram yo afilye avèk fanmi yo pou devlope kapasite yo pou ogmante kapasite akademik, sosyal, emosyonèl ak konpòtman pitit yo ki se baz pou aprantisaj.
 - 3.2. [Prensipal defansè pitit yo](#): Pwogram yo asosye avèk fanmi yo pou devlope kapasite yo pou defann bezwen global pitit yo epi amelyore pwogram lan.

Anviwònman agreyab

4. [sante, sekirite ak byennèt](#): Lidè pwogram yo garanti yon anviwònman aprantisaj sennesof ak sen ki sipòte eksperyans pozitif pou timoun, fanmi ak estaf pwogram lan.
5. [egalite ak endividyalite nan edikasyon](#): Lidè yo ak estaf anseyan an devlope metòd anseyan ak aprantisaj yo ak angajman fanmi pou chak timoun pou tout timoun ka jwenn sipò pou yo reyalize gwo objektif pou aprantisaj yo ak pwogrè nan devlopman yo.

Ansèyman solid

6. [Dyagnostik pou devlopman ak vrè evalyasyon](#): Estaf anseyan an apwofondi konpreyansyon yo sou devlopman ak aprantisaj timoun yo nan tout domèn pou enfòm enstriksyon.
7. [Sik planifikasyon kourikoulòm](#): Estaf anseyan an entegre ak reponn konesans timoun yo, devlopman timoun ak kontni nan tout domèn aprantisaj pou planifye ak adapte kourikoulòm lan, ki adapte avèk baz Pre-K pou Common Core.
8. [Angaje timoun yo nan aktivite ki enteresan](#): Estaf anseyan an angaje timoun yo kòm moun k ap aprann aktivman epi yo entèaji avèk timoun yo nan itilizasyon yon seri estrateji efikas, ki apwopriye onivo devlopman pou kreye koneksyon ak pwolonje aprantisaj timoun yo nan tout domèn ak nan divès kontèks ak eksperyans.
9. [Kreye yon klima pozitif nan salklas](#): Pwogram yo bay timoun yo kapasite ak sipò pou devlope yon otokonsèp pozitif epi gide timoun yo ekspres pou yo entèaji avèk kamarad yo ak adilt kominote a ak anviwònman avèk respè nan yon fason konstruktif.
10. [Resous fizik pou aprantisaj](#): Estaf pwogram lan kreye espas fizik ak resous nan salklas la ak lòt kote pou fasilite aprantisaj ak devlopman timoun atravè jwèt ki gen objektif.

Pwofesè ki travay an kolaborasyon

11. [Kreyasyon metòd ak lidèchip pwofesyonèl](#): Lidè ak estaf anseyan an amelyore kalite salklas la ak eksperyans pwogram lan kòm asosye nan aprantisaj pwofesyonèl, kolaborasyon ak devlopman lidèchip san rete.

Lidèchip lekòl ki efikas

12. [Kreyasyon yon vizyon](#): Lidè yo ankouraje yon vizyon ki pataje ak teyori aksyon avèk estaf la ak fanmi epi yo bati yon klima ak kominote òganizasyon pozitif pou sipòte vizyon sa a.
13. [Jesyon resous](#): Lidè yo jere resous imèn ak resous òganizasyon an yon fason dirab ak estratejik pou avanse nan objektif pwogram lan.
14. [Amelyorasyon kalite pwogram](#): Lidè yo kolabore avèk estaf yo ak fanmi yo pou evalye ak amelyore salklas la ak kalite pwogram lan, pandan y ap konte sou done ki byen jere pou tabli objektif enstriksyon, angajman fanmi ak òganizasyon, k ap ogmante koyerans regleman ak pratik yo.

Pre-K for All Program Quality Standards Vil Nouyòk sa yo dekri pratik enpòtan ki esansyèl pou ofri yon bon jan eksperyans Pre-K pou timoun, fanmi yo ak kominote edikatif la.

Lyen sere ant fanmi ak kominote a

1. Relasyon solid:

Pwogram yo ankouraje respè yonn pou lòt, konfyans ak koneksyon avèk fanmi yo ak kominote a pou nou ka bati relasyon solid.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. *Avan kòmansman ane lekòl la, pwogram lan akeyi tout fanmi apa(paegzanp nan lèt byenveni, apèl telefòn, reyinyon anpèsòn), yo fè aktivite akèy enfòmèl kote fanmi yo ka kòmansman devlope koneksyon yonn ak lòt ak estaf pwogram lan epi devlope yon plan klè pou sipòte fanmi ak pitit yo nan tranzisyon ki gen pou fèt nan pre-k.*
- b. *Pwofesè ak estaf pwogram lan fè yon gwo efò pou konnen fanmi yo nan konvèsasyon ak evalyasyon bezwen epi itilize enfòmasyon sa yo pou devlope pwosesis ki klè pou kominike avèk fanmi ki sansib pou orè, ak kilti fanmi ak bezwen lengwistik.*
- c. *Pwogram lan konekte ak kolabore avèk òganizasyon ki nan kominote a pou ede estaf pwogram lan nan satisfè bezwen fanmi ak pitit yo.*
- d. *Estaf pwogram lan akeyi fanmi ak timoun yo avèk anpil chalè ak respè nan entèaksyon yo fè chak jou nan bilding lan, nan telefòn ak nan kominikasyon enfòmèl.*
- e. *Pwogram lan montre valè pou fanmi nan anviwònman fizik lokal la lè li montre siy ki akeyi ak onore fanmi ak lè li mete yon espas fizik kote fanmi ka gen aksè nan resous enteresan epi devlope rapò yonn ak lòt epi ak estaf lokal la.*
- f. *Pwofesè yo rantre kilti, talan ak konpetans fanmi yo regilyèman nan leson yo, aktivite yo ak evènman lekòl la yon fason konpetan onivo kiltirèl epi yo kreye plizyè optinite pandan ane a pou fanmi vini nan lokal la pou yo selebre reyalyasyon pitit yo, fè sèvis volontè lè sa apwopriye epi konekte yonn ak lòt.*

2. Kominikasyon ale-retou

Pwogram yo favorize pataj enfòmasyon ale retou ant estaf pwogram lan ak fanmi yo nan fason ki bay repons onivo kiltirèl ak lengwistik pou sipòte byennèt, siksè akademik ak pwogrè devlopman timoun yo.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Pwofesè kolekte enfòmasyon nan men fanmi *byen bonè nan ane a* sou enterè, talan, sante, sekirite ak bezwen aprantisaj pitit yo epi kreye metòd pou reponn onivo kiltirèl ak lengwistik san rete pou fanmi pataje sa yo wè, ide yo ak enkyetid yo konsènan devlopman pitit yo.
- b. Pwofesè yo kolabore avèk fanmi yo pou fikse objektif pou pitit yo dapre yon konpreyansyon ki pataje sou fòs ak bezwen pitit yo, yo itilize done sa a nan kourikoulòm yo ak nan planifikasyon enstriksyon epi yo kreye opòtinite espesifik pou fanmi evalye travay pitit yo epi diskite pwogrè yo nan reyalizasyon objektif yo idantifye.
- c. Pwogram lan tabli ak bay pwosesis ki klè sou kòman pou fanmi ak estaf kolabore lè gen enkyetid sou devlopman akademik, sosyal, emosyonèl ak konpòtman pandan y ap bati chèn kominikasyon ki tabli nan kòmansman ane lekòl la.
- d. Souvan pwofesè yo ak estaf la fè kòmantè pozitif ak konstrikatif ba fanmi yo sou pwogrè pitit yo nan konvèsasyon yo fè lè yo vin depoze ak pase chèche pitit yo epitou nan lòt mwayen kominikasyon ki espesifik ak sa fanmi yo pi renmen.

3. Kapasite pou konstwi

Pwogram yo rekonèt kontribisyon esansyèl fanmi nan devlopman pitit yo epi sipòte fanmi yo nan jwe wòl yo kòm:

3.1 Prensipal pwofesè pitit yo

Pwogram yo afilye avèk fanmi yo pou devlope kapasite yo pou ogmante kapasite akademik, sosyal, emosyonèl ak konpòtman pitit yo ki se baz pou aprantisaj.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Pwogram lan transmèt yon kwayans solid nan wòl esansyèl fanmi jwe nan devlopman akademik, sosyal, emosyonèl ak konpòtman pitit yo epi li konsantre sou enpòtans kominike gwo atant aktivman ba timoun epi ankouraje devlopman yo kòm moun k ap aprann.
- b. Apati kòmansman ane lekòl la, pwofesè yo ak estaf la oryante fanmi yo nan regleman pwogram yo ak kontni yo pou fanmi yo ka konprann sa pitit yo ap aprann ak kòmman sa y ap aprann lan adapte ak objektif pwogram lan.
- c. Pwofesè yo envite fanmi yo vizite salklas pitit yo, obsève ansèyman an ak enfòmasyon sou woutin salklas la, sa y ap tann ak metòd yo itilize.
- d. Pwofesè ak fanmi diskite mwayen kote aktivite chak jou gen enflyans sou devlopman sèvo timoun yo ak kapasite pou aprann ak travay ansanm pou pataje, pratike ak redefini estrateji ki ka anrichi aprantisaj timoun yo ni nan salklas la ni andeyò salklas la..

3.2 Prensipal defansè pitit yo

Pwogram yo kreye opòtinite pou fanmi yo devlope kapasite yo pou defann bezwen pitit yo epi amelyore pwogram lan.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Pwogram lan kreye opòtinite efikas pou fanmi pou bay opinyon yo sou divès aspè kalite pwogram lan epi pataje avèk fanmi yo kòman yo ka itilize opinyon yo pou amelyore pwogram lan.
- b. Pwogram lan ofri opòtinite pou fanmi kontribiyè dirèkteman nan direksyon pwogram lan ak pou pran lidèchip paegzanp nan patisipasyon nan ekip lidèchip lekòl *School Leadership Team*(SLT), nan asosyasyon pwofesè-paran *Parent Teachers Association*(PTA) oswa nan lòt komite lidèchip paran/fanmi.
- c. Pwogram lan kreye plizyè opòtinite pandan ane a pou fanmi rete konekte, enfòm ak òte yonn lòt sou resanblans ak defi yo genyen an komen.
- d. Pwogram lan konekte fanmi yo ak resous ki disponib nan kominote a ki ka ede fanmi satisfè bezwen ptit yo.
- e. Pwogram lan ofri fanmi yo sipò ki nesesè pandan ane a konsènan pwosesis Komite pou edikasyon espesyal pou debitan *Committee on Preschool Special Education* (CPSE), tankou rekòmandasyon ak evalyasyon pou edikasyon espesyal ansanm ak pwosesis pwogram "*Gifted and Talented*".
- f. Pwogram lan gen yon plan ki klè pou sipòte fanmi yo nan tranzisyon pitit yo lè yo soti nan pre-K pou ale nan kindergarten ki gen ladan enskripsyon ansanm ak enfòmasyon klè sou kòman pou yo chwazi lekòl kindergarten ki apwopriye a pou pitit yo.

Anviwònman agreyab

4. Sante, sekirite ak byennèt

Lidè pwogram yo garanti yon anviwònman aprantisaj sennesof ak sen ki sipòte eksperyans pozitif pou timoun, fanmi ak estaf pwogram lan.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Pwogram yo sipèvize ak jere avèk siksè kondisyon sante timoun yo epi yo anpeche oswa reponn kòmsadwa ak bagay ki reprezante danje nan anviwònman aprantisaj imoun yo.
- b. Pwogram yo asire ke pratik medikal oswa chanjman nan pwogram lan ki ankouraje sante fizik yon timoun reponn tou ak byennèt sosyal, emosyonèl ak mantal yon timoun.
- c. Pwogram yo ofri kantite manje nourisan ki sifizan pou timoun, ki satisfè tout prensip sou nitrisyon epi ki soti nan peyi a ak/oswa ki dirab, lè sa posib.
- d. Pwogram yo kominike avèk ajans ak fanmi ki apwopriye konsènan enfòmasyon ki gen rapò ak sante, sekirite timoun yo, bezwen medikal yo ak chanjman nan aktivite chak jou yo (paegzanp ijyèn ak nitrisyon), atan ak nan respè pou ankouraje kolaborasyon ki pozitif.
- e. Estaf pwogram lan jere anviwònman fizik la pou kreye espas ki konfòtab epi ki apwopriye onivo pratik pou estaf anseyan an ak fanmi yo epi ki ankouraje kominikasyon vèbal ak alekri ki pozitif, epi ki bay respè.

5. egalite ak endividyalite nan edikasyon

Lidè yo ak estaf anseyan an devlope metòd anseyan ak aprantisaj pou chak timoun pou tout timoun ka jwenn sipò pou yo reyalize gwo objektif pou aprantisaj yo ak pwogrè nan devlopman yo.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Filozofi k ap gide tout pwogram Pre-K for All adapte avèk prensip k ap gide *Program Quality Standards and Prekindergarten Foundation for the Common Core* (PKFCC) ak rezilta pou timoun epi li kominike gwo atant pou tout timoun, tankou timoun ki gen diferan kapasite, kilti lang ak estil aprantisaj.
- b. Pwogram lan anbrase ak sipòte divèsite kiltirèl ak lengwistik tout timoun ak fanmi yo, lè yo travay avèk fanmi pou kreye kòmsadwa metòd ak resous ni onivo salklas ni onivo pwogram.
- c. Estaf anseye an asire l tout timoun gen plizyè mwayen pou montre aprantisaj yo nan yon anviwònman inifòm ki agreyab onivo sosyal ak emosyonèl.
- d. Estaf anseyan an fè diferans ant estrateji enstriksyon, aktivite ak resous pou satisfè bezwen inik timoun yo ak fanmi yo.
- e. Pwogram lan travay avèk efikasite avèk ajans ki lòt kote tankou *Special Education Itinerant Teachers* (SEIT) ak founisè *related service* ak *Committee on Preschool Special Education* (CPSE) nan kreyasyon ak aplikasyon IEP, paegzanp kominikasyon ak kontwòl pwogrè.

Ansèyman solid

6. Dyagnostik pou devlopman ak vrè evalyasyon

Estaf anseyan an apwofondi konpreyansyon yo sou devlopman ak aprantisaj timoun yo nan tout domèn pou enfòmasyon enstriksyon.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Pwogram yo asire estaf anseyan an resevwa trening ak sipò pou aplike zouti dyagnostik ak evalyasyon pwogram lan itilize epi ke metòd sa yo bay bon repons onivo kiltirèl, lengwistik ak devlopman.
- b. Pwofesè yo egzamine tout timoun lè yo rantre nan pwogram lan ak yon zouti devlopman ki valid ak fyab ansanm ak evalyasyon ki reyèl. Yo detèmine sipò anplis timoun yo ta ka bezwen pou angaje yo avèk siksè nan kourikoulòm lan.
- c. Pwofesè yo sèvi ak yon sistèm evalyasyon reyèl ki apwouve, ki baze sou rechèch pou kontwòl pwogresyon devlopman ak aprantisaj chak timoun pandan ane lekòl la, ki gen ladan:
 - i. Dokimante aksyon ak kominikasyon timoun yo pamwayen remak obsèvasyon ak nan imaj;
 - ii. Kolekte ak analize pwodui travay elèv ki reyèl;
 - iii. Evalyasyon nan tout domèn Foundation for the Common Core pou kindergarten, ki se:
 1. Metòd aprantisaj;
 2. Devlopman fizik ak Sante;
 3. Devlopman sosyal ak emosyonèl;
 4. Kominikasyon, Langaj ak Literacy;
 5. Entelijans ak konesans mond lan.
- d. Estaf anseyan an mande timoun yo aktivman pou di sa yo konprann ak ide yo sou pwòp aprantisaj pou yo mete nan metòd enstriksyon an lè yo:
 - i. Poze timoun yo kesyon sou pwodui travay yo ak diskite plan oswa pwochen etap yo;
 - ii. Poze timoun yo kesyon pou eksplike sa yo konprann nan yon konsèp oswa yon pwosesis pou yo pran yon nouvo ladrès ak angaje nan pwosesis kòmantè;
- e. Pwofesè yo kominike avèk fanmi yo sou evalyasyon pitit yo epi yo pataje regilyèman done ki soti nan evalyasyon an kòm yon pati nan kolaborasyon pwogram lan avèk fanmi yo nan kreye konpreyansyon ak objektif ankomen pou pitit yo.

7. Sik planifikasyon kourikoulòm

Estaf anseyan an entegre ak reponn konesans timoun yo, devlopman timoun ak kontni nan tout domèn aprantisaj pou planifye ak adapte kourikoulòm lan, ki adapte avèk baz Pre-K pou Common Core.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Estaf anseyan an gen konesans nan sekans ak estrateji yo itilize pou timoun yo aprann ak devlope nan tout domèn aprantisaj ak devlopman *Foundation for the Common Core* pou Prekindergarten.
- b. Pwogram yo asire ke pwofesè yo resevwa bon jan trening pou yo itilize enfòmasyon ki soti nan sistèm evalyasyon reyèl la pou fè diferans nan metòd enstriksyon pou chak timoun ak tigwoup epi fè plan leson ak aktivite pou klas la okonplè.
- c. Estaf anseyan an rankontre regilyèman pou planifye ak adapte aktivite nan kourikoulòm lan ak anviwònman aprantisaj dapre:
 - i. Evalyasyon done sou aprantisaj timoun yo ak pwogrè nan devlopman yo;
 - ii. Konesans sou sa timoun yo renmen, sou baz yo ak ide pou aprantisaj;
 - iii. Konesans sou sa ki nan kourikoulòm lan, pwogresyon pou aprantisaj ak devlopman ak opòtinite pou fè koneksyon nan tout domèn;
 - iv. Konesans sou nenpòt lòt konsiderasyon onivo edikasyon oswa devlopman yo kolekte apati metòd angajman fanmi ki efikas;
 - v. Objektif ki nan IEP yon timoun ansanm ak estrateji SEIT ak/oswa founisè *related service* yo pataje, si genyen.
- d. Estaf anseyan an planifye eksplorasyon kontni ak eksperyans ki pwofon ki gen ladan objektif aprantisaj nan tout domèn epi ki entegre plizyè pwen rantre nan angajman ak aktivite ki enteresan.
- e. Estaf anseyan an respekte fason timoun yo aprann lè yo fikse woutin pandan yo rete fleksib, pou pèmèt timoun yo fè chwa ak pwofite "moman ki ka anseye" ki espontane.
- f. Estaf anseyan an ofri fanmi yo opòtinite tou tan pou pataje kilti yo, talan yo, oswa konpetans yo epi kominike regilyèman avèk fanmi pou asire kourikoulòm lan bay rezilta epi enpòtan pou pou eksperyans timoun yo ap fè.

8. Angaje timoun yo nan aktivite ki enteresan

Estaf anseyan an angaje timoun yo kòm moun k ap aprann aktivman epi yo entèaji avèk timoun yo nan itilizasyon yon seri estrateji efikas, ki apwopriye onivo devlopman pou kreye koneksyon ak pwolonje aprantisaj timoun yo nan tout domèn ak nan divès kontèks ak eksperyans.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Estaf anseyan an ofri opòtinite chak jou pou aprantisaj endividyèl, antigwoup ak gwoup konplè atravè aktivite ekilibre yo mete pou timoun ak adilt.
- b. Estaf anseyan an fasilite avèk efikasite patisipasyon timoun yo nan pwogram lan, lè yo ogmante nivo patisipasyon timoun yo epi yo konsantre sou divès aktivite pou aprantisaj ak devlopman nan tout domèn PKFCC a.
 - i. Pandan pati yo fè pou timoun lan, yo bay timoun yo kapasite epi yo ankouraje yo pou yo chwazi yo menm divès aktivite, konpayon yo ak materyèl aprantisaj epi pou yo retounen nan pwojè avan yo.
- c. Estaf anseyan an ankouraje aktivman elèv yo epi yo mete ide elèv yo nan pwogram lan epitou yo bay timoun yo ase tan ak opòtinite pou dekouvri, revizite, aplike ak kominike sou nouvo konesans, konpetans ak ide pou aprantisaj.
- d. Estaf anseyan an fè ekspresè yo itilize ak imite langaj pou devlope teknik kominikasyon ak panse timoun yo, lè yo:
 - i. kòmanse, patisipe ak pwolonje konvèsasyon avèk timoun yo ak ant kamarad;
 - ii. Ogmante vokabilè timoun yo ak kompleksite langaj yo;
 - iii. Itilize monològ ak kominikasyon paralèl pou konekte langaj ak eksperyans ak aksyon timoun yo;
 - iv. Poze timoun yo kesyon ouvè ki enpòtan pou eksperyans oswa aksyon timoun yo;
 - v. Angaje souvan avèk timoun yo yon fason enteresan pou ankouraje analiz, rezònman, panse kreyatif ak rezolisyon pwoblèm.
- e. Estaf anseyan an itilize, echafodaj, diskisyon epi yo chwazi ak melanje ekspresè materyèl aktivite timoun pou ede timoun fè koneksyon ak lye konsèp kourikoulòm lan ak eksperyans, enterè ak aprantisaj pase timoun yo nan tout domèn KFCC a.
- f. Estaf anseyan an itilize evènman chak jou tankou lè pou manje ak tranzisyon, kòm eksperyans ki enteresan.

9. **Kreye yon klima pozitif nan salklas**

Pwogram yo bay timoun yo kapasite ak sipò pou devlope yon otokonsèp pozitif epi gide timoun yo ekspresè pou yo entèaji avèk kamarad yo ak adilt kominote a ak anviwònman avèk respè nan yon fason konstrikatif.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Estaf anseyan an ak pwogram lan imite ak kominike yon atitud pozitif nan aprantisaj epi yo ankouraje devlopman timoun sou yon otokonsèp pozitif lè yo sipòte lajwa, kiryozi, pèsistans, eksperimentasyon nan esè ak nan erè ak opòtinite pou otonomi ak lidèchip.
- b. Estaf anseyan an ak pwogram lan bay egzanp ak ankouraje entèaksyon ki gen respè ak konpasyon pandan jounen an, yo aji kòm yon sous pou konfò ak sipò pou timoun yo epi yo itilize langaj, diskisyon ak lòt estrateji enstriksyon pou devlope senpati timoun ak konsiderasyon lòt moun.
- c. Estaf anseyan an ak pwogram lan tabli woutin ki rete fleksib epi ki reponn ak lide ak defi elèv yo, lè yo kenbe timoun yo angaje nan aprantisaj yo ak kreye tranzisyon san traka nan pati jounen an.
- d. Estaf anseyan an tabli atant ki klè ak konsistan avèk opinyon timoun yo, lè yo sipòte timoun yo nan devlope bon konpòtman ak konprann konsekans chwa yo fè epi bay timoun yo opòtinite pou pratike estrateji pou rezoud konfli.
- e. Estaf anseyan an ofri ankourajman ak oryantasyon pandan evènman chak jou tankou ijyèn ak repi pou devlope konpetans swen pèsònèl ak otodisiplin timoun yo.
- f. Estaf anseyan an ak pwogram lan imite ak ankouraje swen ak respè timoun yo pou resous pwogram lan ak pratik ki dirab pou anviwònman an tankou remèt resous pèmanan yo lè yo fin itilize yo ak resikle dechè yo.

10. Resous fizik pou aprantisaj

Estaf pwogram lan kreye espas fizik ak resous nan salklas la ak lòt kote pou fasilite aprantisaj ak devlopman timoun atravè jwèt ki gen objektif.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Estaf anseyan an sipòte aprantisaj entèdisiplin ak panse wo nivo atravè teyat ak opòtinite aprantisaj ki baze sou pwòjè ki gen ladan divès eksperyans ak materyèl pou satisfè bezwen timoun tankou:
 - i. Ekspresyon atistik kreyatif ki gen divès medya ak reprezantasyon atistik;
 - ii. Teyat dramatik ki gen divès akseswa ak kostim ki reprezante orijin, enterè ak eksperyans;
 - iii. Resous pou literacy depi byen bonè tankou bibliyotèk, resous pou redaksyon ki apwopriye onivo devlopman ak resous ki ankouraje motivasyon sou enprimri pandan pwogram lan;
 - iv. Eksperyans syans/dekouvèt ki gen ladan sann, dlo ak lòt resous ki gen rapòs ak sans.
 - v. Materyèl manipilasyon pou matematik, blòk ak puzzles;
 - vi. Eksperyans mizik ak mouvman avèk enstriman ansanm ak divès tip mizik;
 - vii. Ekipman ak resous pou gwo mouvman mande pou tout timoun fè efò ki apwopriye;
 - viii. pwomnad edikatif ak amizan nan kominote;
 - ix. Entwodiksyon ak itilizasyon apwopriye teknoloji nan edikasyon;
 - x. Pratik sante ak byennèt tankou fè manje oswa lòt travay ki mande pou pran swen pwòp tèt ou.
- b. Pwogram lan ofri yon anviwònman aprantisaj ki konsantre sou timoun avèk kantite ak kalite resous pèsone, materyèl ak ekipman pou angajman chak timoun lan nan pwogram lan, pou sipòte aprantisaj ak devlopman timoun yo nan tout domèn yo.
- c. Estaf anseyan an fè aranjman anviwònman fizik pou tout timoun ka gen aksè nan resous yo avèk siksè ak poukont yo kòm repons pou kiryozi natirèl yo pou angaje nan aktivite angwoup oswa jwenn espas pou konfidansyalite ak detant avèk ase espas pou travay poukont yo ak ankolaborasyon nan salklas la ak nan zòn deyò yo.
- d. pwogram lan ofri divès resous onivo kiltirèk ak lengwistik nan tout pwogram lan ki ankouraje divèsite epi li reprezante timoun yo ak fanmi pwogram lan ansanm ak Vil Nouyòk okonplè.

Pwofesè ki travay an kolaborasyon

11. Kreyasyon metòd ak lidèchip pwofesyonèl

Lidè ak estaf anseyan an amelyore kalite salklas la ak eksperyans pwogram lan kòm asosye nan aprantisaj pwofesyonèl, kolaborasyon ak devlopman lidèchip san rete.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Lidè yo ak estaf anseyan an (paegzanp ekip pwofesè dirijan yo ak asistan pwofesè yo/parapwofesyonèl) kreye, sipòte ak angaje avèk sistèm yo pou:
 - i. Analiz pou kolaborasyon regilye timoun, salklas ak done nivo pwogram lan atravè envestigasyon ak refleksyon, ki ankouraje repons pratik pwofesyonèl nan kontèks chak pwogram.
 - ii. Obsèvasyon pwofesè, vizit ak fòmasyon pwofesyonèl ki fèt atan, konsistan, ekitab ak enpòtan pou amelyorasyon fòmasyon pwofesyonèl chak manm estaf ak objektif pwogram lan.am.
 - iii. Devlope kapasite estaf la pou sipòte bezwen tout timoun ak fanmi, paegzanp timoun ki gen IEP, timoun ki pale yon lòt lang natifal ki pa anglè oswa timoun ki gen nenpòt lòt bezwen espesifik pou aprantisaj yo ak devlopman yo.
- b. Lidè yo bay estaf la opinyon ki baze sou prèv konsènan fò ak defi ak aksyon yo ka pran nan pwochen etap yo pou aprantisaj pwofesyonèl, pwopriyete estaf ak klote sou objektif ak mezi yo itilize pou detèmine pwogrè.
- c. Lidè yo kenbe ak fòm estaf yo lè yo ofri yo yon anviwònman sosyal, emosyonèl ki agreyab onivo pwofesyonèl, lè yo evalye konpetans ak konesans estaf yo epi ofri yo opòtinite pou lidèchip ak lè yo imite refleksyon ak pwofesyonalis.
- d. Lidè yo ak administratè yo kominike avèk efikasite avèk tout estaf pwogram lan konsènan kondisyon ak regleman enpòtan pou travay yo, epi gen pwosedi ki la pou kenbe estaf la okouran tout revizyon oswa defi epi envite estaf la nan fè chanjman si gen bezwen.

Lidèchip lekòl ki efikas

12. Kreyasyon yon vizyon

Lidè yo ankouraje yon vizyon ki pataje ak teyori aksyon avèk estaf la epi yo bati yon klima ak yon kominote òganizasyon pozitif pou sipòte vizyon sa a.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Lidè yo ankouraje yon vizyon ki ki pataje avèk estaf pwogram lan ak fanmi yo ki sipòte tout timoun nan reyalizasyon gwo rèv epi bati yon kominote ki angaje nan kominikasyon ki konsistan avèk estaf la ak fanmi yo sou vizyon ak objektif pwogram lan.
- b. Lidè yo enfòme ak amonize vizyon yo, teyori aksyon yo ak objektif pou pwogram lan avèk kalite vizyon pwogram Pre-K for All ak prensip ak rezilta ki dirije PKFCC pou timoun pou pwogrese nan rezilta pizitif ki enteresan pou timoun ak fanmi.
- c. Lidè yo bati kilti òganizasyon lè yo tabli valè ak nòm pou entèaksyon ak konpòtman ki respè, responsablite ak pwofesyonalis.
- d. Lidè yo itilize estrateji kominikasyon ki efikas avèk fanmi nan kominote yo pou reponn ak bezwen yo, sa ki lakoz wo nivo efektif ak angajman fanmi avèk Pre-K for All.
- e. Lidè yo devlope ak kenbe relasyon ki efektif avèk NYCDOE, ajans vil la ak lòt òganizasyon ak kolabore avèk òganizasyon ak moun nan kominote a pou fè avanse vizyon ak pwogrè pwogram lan nan objektif yo.

13. Jesyon resous

Lidè yo jere resous imèn ak resous òganizasyon an yon fason dirab ak estratejik pou avanse nan objektif pwogram lan.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Lidè pwogram lan itilize teknik jesyon bidjè sonò ak jesyon finansye pou planifye ak adapte resous yo avèk estrateji pou angajman nan enstriksyon ak nan objektif pou angajman fanmi pandan ane a, tankou resous apwopriye ki disponib ak modifikasyon pou devlopman onivo kiltirèl ak lengwistik.
- b. Lidè pwogram lan pran desizyon estratejik sou orè pou asire estaf anseyan an kapab angaje avèk efikasite nan pratik ansèyman yo tankou tan pou planifye ak prepare, evalye aprantisaj ak timoun yo epi kominike avèk fanmi yo regilyèman ak lè gen bezwen.
- c. Lidè pwogram lan rekrite ak anplwaye avèk estrateji pi bon pwofesè ak estaf posib yo ki gen talan nesèsè a (paegzanp konpetans, mantalite ak konesans) pou satisfè bezwen timoun yo ak fanmi yo.
- d. Lidè yo pran desizyon sou resous imèn ki bay estaf pwogram lan valè kòm pwofesyonèl nan domèn yo epi pèmèt estaf la angaje nan aprantisaj pwofesyonèl, kolaborasyon ak devlopman lidèchip.
- e. Lidè pwogram lan asire yo gen resous pwofesyonèl ak teknoloji ki disponib epi ke estaf la itilize kòmsadwa pou asire bon kalite metòd enstriksyon, patisipasyon fanmi ak òganizasyon.

14. Amelyorasyon kalite pwogram

Lidè yo kolabore avèk estaf yo ak fanmi yo pou evalye ak amelyore salklas la ak kalite pwogram lan, pandan y ap konte sou done ki byen jere pou tabli objektif enstriksyon, angajman fanmi ak òganizasyon, k ap ogmante koyerans regleman ak pratik yo.

Yon pwogram ki aplike okonplè nòm sa a gen tout karakteristik sa yo:

- a. Lidè yo asire yo ke plan pou amelyorasyon yo baze sou prèv atravè koleksyon ak jesyon divès tip resous ki efikas nan nivo salklas ak pwogram timoun lan, pwofesè (paegzanp: prezans, evalyasyon reyèl, sondaj, ECERS-R, KLAS, elatriye).
- b. Lidè yo kolabore avèk estaf pwogram lan pou analize done yo regilyèman, lè yo bay pwogram lan yon reprezantasyon presi fòs ak defi pwogram lan epi asire ke konklizyon yo rive vin jwenn yo onivo sistèm ak ekite.
- c. Lidè yo kolabore avèk estaf anseyan an ak fanmi yo epi mete lide timoun yo lè yo kreye objektif ak plan pou amelyorasyon an, lè yo ankouraje bay kominote a konpetans ak yon estrikti lidèchip komen.
- d. Lidè yo garanti aplikasyon plan pou amelyorasyon yo, suiv pwogrè ki fèt nan reyalizasyon objektif pwogram lan epi evalye rezilta aplikasyon sa a pou enfòmasyon yo sik salklas kontini ak yon amelyorasyon kalite pwogram lan.
 - i. Lè y ap evalye rezilta efò amelyorasyon pwogram lan, lidè yo evalye efikasite angajman fami ak kominote a, tout rezilta sipriz pou timoun yo, fanmi ak estaf ak nan ki nivo objektif yo responsab onivo sosyal ak reyalize ekite nan edikasyon.